

Atansyon **Elèv** ak Paran!

SIPÒ AK ÈD POU DEVWA POU ELÈV BCPS K-12

Ede Elèv-yo ak Devwa yo, Andirèk. Pwofesè sètifye ak Titè ki Ekspè pou Anseye Matyè yo Disponib toulè Lendi-Jedi Jou Lekòl!

Kritik Ekselan pou Ask BRIA

"Pou mwen menm, m ka di se pi bon vèsyon leson nan tan n'ap viv kounyea. Sa mete ann evidans kouman distri nou pote kole pou ede elèv nou yo reyisi, fason nou konnen byen."

Melissa Cabrera, Coach Literasi

"Lè m te tande pale de Ask BRIA mwen pat vle patisipe paske mwen te panse lòt moun ta pran mwen pou moun sòt. Mwen panse "poukisa yon elèv bezwen yo ede li ak devwa li si li entelijan?" Mwen te gen pwoblèm avèk kou Aljèb 1 Honors, kifè m pran desizyon patisipe nan reyinyon Teams ak yon gwoup elèv 8tyèm ane ki bezwen èd ak matematik. Mwen doute anpil, pwofesè a te ka ede mwen ak pwoblèm la epi li di-m mwen entelijan paske mwen konprann vit. Mwen te gen yon bon esperyans ak Ask BRIA! Mwen rekonmande Ask Bria – se dis sou dis!

Justin E., Elèv Midèskoul

"BCPS ofri yon sèvis gratis èd pou devwa se byen...Se yon fason pou timoun yo jwenn èd ak devwa yo, rapid epi fasil. Apre lekòl elèv la ka klike sou yon bouton si li vreman gen difikilte konprann leson pwofesè a te esplike nan jounen an."

William B., Elèv Ayeskoul

Elèv klas primè (Klas K-5 ane): Sipò pou devwa disponib toulè Lendi rive Jedi apati 3:15 rive 7:15 p.m.

1. Konekte sou sit SSO/Canvas epi klike sou lyen (link) Ask BRIA.
2. Konplete epi soumèt yon fòmilè demann.
3. Louvri Microsoft Teams epi tann Ask BRIA rele ou pou yon sesyon dirèk, fasafas avèk yon pwofesè sètifye.

Matyè: Lang Angle, Matematik, Syans, Syans Sosyal ak plis lòt matyè!

Elèv klas segondè (Klas 6-12 ane): Sipò pou devwa disponib toulè Lendi rive Jedi apati 3:30 rive 8:30 p.m.

1. Konekte sou sit SSO/Canvas epi klike lyen Ask BRIA sou klas Canvas ou oswa klike sou desen (tile) sou platfòm Clever Launchpad ou.
2. Sou paj akèy Ask BRIA, glise desann epi chwazi nivo lekòl epi seleksyone region pou lekòl ou.
3. Chwazi ki matyè ou bezwen èd epi ret tann nan lobby reyinyon Teams jiskaske yon pwofesè Ask BRIA kite ou antre epi ki va ede-ou ak devwa ou.

Matyè: Lang Angle, Matematik, Syans, Syans Sosyal, klas AP/Honors, Cambridge Entènasyonnal ak plis lòt matyè!



**ASK
BRIA**

BROWARD REMOTE INSTRUCTIONAL ASSISTANT



The School Board of Broward County, Florida

Lori Alhadeff □ Patricia Good □ Debra Hixon □ Donna P. Korn □ Sarah Leonardi
Laurie Rich Levinson □ Ann Murray □ Dr. Rosalind Osgood □ Nora Rupert Robert
W. Runcie, Superintendent of Schools

School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonnalite oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup ki deziye aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka rele Direktè, Equal Educational Opportunities/Kodonatè Ekite Distri a ak Depatman Compliance ADA/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki vle mande akomodasyon ka rele depatman Equal Educational Opportunities/Sèvis konfòmite ADA nan nimewo telefòn 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com